

TARIRO YANHASI

CHITSAUKO 27

MWARI NENYIKA YAKAIPA

Tese hedu, pane imwe nguva takatomboshuvira kuti dai tiine mhinduro kumatambudziko ehupenyu. Izvi ndine chokwadi nazvo. Ndiri kutaura pamusoro pematambudziko ako iwe pachezvako nematambudziko makuru ehupenyu anonetsa munhu wese. Tinonetseka kuti nemhaka yei kuine hondo nekudeurwa kweropa nezvakaipa zvinoitika panyika pano. Pamwe unotofunga kuti vanhu vaifanira kuona nekuziva kuti zvinhu zvakadai hazvibhadhari kana kubatsira. Asi zvinotooneka kuti zvinhu zviri kutonyanya kuipa pane kunaka.

Tinofanira kuzviyeuchidza kuti aka hakasi kekutanga apo nyika yakaputirwa nehuipi hwakakura kudai. Bhaibheri rinotiudza pamusoro pezuva rakange rakaipa zvekuti Mwari vakasarudza kuparadza vanhu vese. Vakaparadza vanhu vese ndokusiya mhuri imwe chete. Chinhu chakaipa kuti vanhu havadzidzi kuti Mwari haagoni kurarama nezvakaipa nekusingaperi.

Ndiri kuti mazuva edu haasi iwo ekutanga kuve nehuipi hwakanyanya kukura munyika. Pane nguva munhorondo yekutanga yemu Bhaibheri yekuti mamiriro ezvinhu akange akanyanyisa kuipa zvekuti Mwari vakati vachaita chimwe chinhu pamusoro pazvo.

Ndinoda kuti uone zvazvaive makore mazhinji akapfuura. Bhaibheri rinotaura muna Genesi 6:8-13 kuti Mwari akatonga nyika yevanhu kekutanga.

Asi Noa akawana nyasha pamberi paJehovha. 9Iyi ndiyo rondedzero yezvaNoa. Noa akanga ari munhu akarurama, asina chaanopomerwa pakati pavanhu venguva

yake, uye akafamba naMwari. 10Noa akanga ana vanakomana vatatu vaiti: Shemu, Hamu naJafeti. 11Zvino nyika yakanga yaora pamberi paMwari uye yakanga yazara nokurwisana. 12Mwari akaona kuti nyika yakanga yaora sei, nokuti vanhu vose panyika vakanga vaodza nzira dzavo. 13Saka Mwari akati kuna Noa, “Ndava kuzoisa magumo kuvanhu vose, nokuti nyika yazara nokurwisana nokuda kwavo. Zvirokwazvo ndiri kuzovaparadza vose pamwe chete nenyika.”

Zvakanyorwa pano izvi zvinotiratidza kuti nyaya iri pano haisi nyaya diki. Zvinotiratidza nyaya iyi tichiiona NEMAONERO akasiyana siyana. Izvi zviri kuitirwa kuti tigamuchire yambiro iri munyaya iyi. Ini ndine hanya nemamiriro akaita zvinhu nhasi. Ini ndinotarisirawo kuti iwe une hanya yakafanana neyandiinayo. Pandinotarisa ndima idzi dziri muMagwaro Matsvene ndinoona kuti pane maonero akasiyana siyana anogona kutibatsira.

Hunhu hwaNoa ndiwo maonero **ekutanga** anotiyambira. Murume uyu ainzi Noa akange aine hunhu hwakaita sei mumamiriro ezvinhu aakange ari? Chokwadi ndechekuti aive munhu akazvininipisa. Bhaibheri rinotiudza kuti “akawana nyasha pamberi paJehova.” Ndine chokwadi chekuti munhu anozvikudza haambofi akawana nyasha pamberi paMwari. Asi munhu akazvininipisa anowana nyasha pamberi paMwari nekuti anotsvaga kunzwisisa Mwari. Anozoziva Mwari sezvavari uye anozotsvaga kunzwirwa tsitsi naMwari uye anozotsvaga nyasha dzaMwari.

Kuti Noa akawana nyasha pamberi paMwari zvinoreva kuti Ishe vakafadzwa naye. Izvi zvakamuita kuti ararama zvakarurama. Ndosaka Mwari vakafadzwa naye.

Vanhu vanozvikudza havararama zvakarurama. Havawane nyasha pamberi paIshe. Saka ini ndinofunga kuti Noa aive akazvininipisa. Noa aive nehunhu hwekuzvityora.

Noa aive munhu akarurama. Bhaibheri rinotiudza kuti aive munhu akarurama. *”Noa akanga ari munhu akarurama, asina chaanopomerewa pakati pevanhu venguva yake.”* Zvinoreva kuti aivenga zvinhu zvakaipa. Izvi zvinoreva kuti akanga asingawanikwi panoitwa zvakaipa. Kunyange zvake aive muvakidzani nepaitwa zvakaipa asi iye haana kubatana nevaiti vezvakaipa ava. Akazvitsaura kubva kuvaiti vezvakaipa ava. Iye sekutaura kwandaita aivenga zvakaipa. Unogona kutaura uchiti Noa aive chitsuwa chekururama muguta rezvakaipa. Nyika yese yaive yakamupoterredza yakange yakaipa isina kururama. Vaita mhando nemhando dzehudzvanyiriri nekusarurama. Asi kwete Noa. Noa aive munhu akarurama asina chaangapomerwa munguva yake. Ndine chokwadi chekuti kwaive nemiedzo yakawanda yakange yakapoterredza Noa asi hapana miedzo yakamukunda. Aive munhu akarurama.

Noa aive murume asina chaangapomerwa. Bhaibheri rinotiudza kuti *”Noa akanga ari munhu akarurama, asina chaanopomerwa pakati pevanhu venguva yake.”* Anofanira kunge ari munhu aionekera munharaunda make semunhu akanaka. Ndinomuona mundangariro mangu ari munhu mukuru. Ari munhu airarama zviri pasi pemutemo. Aive munhu akaramba kutevedzera huipi hwakanga hwakamukomberedza. Haana kumbozungunuka pakutendeka kwake kuna Mwari. Aimira paaiziva kuti aifanira kumira.

Mamiriro ezvinhu mazuva ano akafanana zvinoshamisa nezvakange zvakaipa mazuva aNoa. Ndiri kutofunga kuti ko iwe zvakambokumirira sei? Wakaita saNoa here kana kuti kwete? Noa aive akazvininipisa. Aive akarurama uye akange asina chaangapomerwa. Iwe uri kushanduka uchitevedzera zviri kuitika mazuva ano here?

Uri kutorwa moyo nezvakaipa zviri kuitika munharaunda yako here? Kana kuti unokwanisa kumira panzvimbo uchimira pane zvaunotenda?

Maitiro Enyika ndiwo maonero **echipiri** anofanira kutipa yambiro. Zvakambomira sei? Pane mashoko anobva muMagwaro Matsvene ari pano anobata moyo: “*Zvino nyika yakanga yaora pamberi paMwari*” Zvinoreva kuti zvakaipa zvakanga zvichingoitika kwese kwese. Tinotoudzwa kwekutanga kwechitsauko chino kuti ndangariro dzemoyo yevanhu dzakange dzakaipa nguva dzese. Zvinoita sekuti hapana kana chinhu chaidzora vanhu chero kupi nekupi zvako. Kana Bhaibheri richitaura pamusoro pehuori hwakadai zvinongoreva kuti nyika yakange izere nehuipe. Zvino ini ndinoona kuti Bhaibheri rinoendera mberi richiti; “Nyika yakanga yazara nekurwisana. Pakange pasisina kukoshesa hupenyu hwevanhu kana zvinhu zvevanhu. paive nekurarama kusina muganhu. Mumwe munhu akazombotaura achitsanangura nguva dzake achiti; “Ndiyo yakange iri nguva yakaipisira kurarama.”

Fungisisa pamusoro pemaitiro aitiwa munyika. Nyika yakange yakaora. Nyika yakange yakazara nekurwisana. Zvakaipa zvaingoitika kwese kwese. Zvinoshamisa ndezvekuti mamiriro ezvinhu nhasi akangofanana nezvakange zvakaita mazuva aNoa. Moyu yevanhu yakange yakazara nechindini nemakaro nemweya wekungozviunganidzira. Zvakatooma kuedza kufunga kuti vamwe vanhu vanotora zvinhu sei kana kuti vanofunga sei. **Saka iwe uri kurarama sei? Wakaita senyika yakakukomberedza here kana kuti wakaita saNoa?**

Matorero ezvinhu aMwari ndiwo maonero **ekupedzisira** anotipa yambiro. Neimwe nzira zvinotyisa kuti zvakanyorwa kuti Mwari akatarisa nyika akaona kuti yakange yakaora. Izvi zvinondiudza kuti Mwari vakange vachiziva zvakange zvichiitika. Zviri pachena kuti pakange pasina pekunzvenga napo kuti Mwari asazive zvakange zvichiitika. Mazuva ano tinogona kutozvibvunza kuti Mwari vanonyatsoona here?

Hongu hama yangu, Mwari vanoona. Zvinoratidzwa nezvaitika mumazuva aNoa kuti hapana kana chiduku zvacho chakanzvenga ruzivo rwaMwari. Mwari vaiziva zvaitika.

Tinotenda Mufundisi nechidzidzo chamatipa nhasi kubva mu chitsauko 6 cheBhuku raGenesi – tichidzidza pamusoro paNoa, murume akaitirwa nyasha naMwari, uyo *akanga ari munhu akarurama, asina chaaipomerwa pakati pavanhu venguva yake. Muteereri iwewo uri kurarama sei muhupenyu hwako – wakapoterredzwa nevanhu vari kuita zvisakarurama muhupenyu hwavo, kana mumabusiness avo. Unogonawo here kuti hauna chaunopomerwa pakurarama kwauri kuita? Hanzi munguva yaNoa, nyika yakanga yaora nekuipa asi Noa akagona kurarama asina chaaipomerwa izvo zvakaita kuti anzwirwe nyasha naMwari. Chimbozviongororawo mudikani kuti iwe uri kurarama sei munguva yako.*